QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń
## sanaat islep shıǵarıwı
### 2023-jıl yanvar-oktyabr ayları
### (dáslepki maǵlıwmat)



Tel.: 61-222-75-87

www.qrstat.uz

*2023- jıl yanvar-oktyabr aylarında*

mlrd. som

- 201,1 — Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew
- 13024,0 — Islep shıǵaratuǵın sanaat
- 1500,67 — Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw
- 89,2 — Suw menen támiyinlew kanalizaciya sisteması shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası kárxanaları tárepinen 14814,9 mlrd. somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 100,9 % ti quradı.

mlrd. som




Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, 13024,0 mlrd.som, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 87,9 % ti quradı.




FKI* % te

- 180,9 — Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew
- 102,2 — Islep shıǵaratuǵın sanaat
- 86,8 — Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw
- 94,2 — Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

* Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew– 80,9 % ke islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 2,2 % ke óskengenligi esaplanadı. Sonday-aq, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw –13,2 % ke suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw–5,8 % ke kemeygenligi gúzetildi.

**Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew**







Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 201,1 mlrd. somdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 1,4 % tin quradı.



*2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında*

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te

**Hák tas**




**Tábiyiy gaz**




| Sanaat ónimleri | 2022-jıl yanvar-oktyabr | 2023-jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Hák tas, tonna | 191690,5 | 146699,3 | -44991,2 |
| Tábiyiy gaz, mln. kub.m. | 1125,4 | 834,1 | -291,3 |

**Gaz kondensatı**




| Sanaat ónimleri | 2022-jıl yanvar-oktyabr | 2023-jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Gaz kondensatı, mıń t. | 67,3 | 54,0 | - 13,3 |

*2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında*







2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 13024,0 mlrd. somdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 87,9 % tin quradı







Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,04 % ti (2022-jıl yanvar-oktyabr 0,2 %), orta-joqarı texnologiyalı –51,9 % (61,6 %), orta-pás texnologiyalı 5,9 % (4,8 %) hám pás texnologiyalısı – 42,2 % (33,4 %) ti quradı.



Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi–52,3 % ti (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi–90,5 %) ti, azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi–19,0 % ti (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi–116,7 %) ti, toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi –20,2 % ti (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi–128,6 %) ti, basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 4,7 % ti (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi–119,4 %) ti quradı.

**Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti**
**Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te**



2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 4,2 mıń tonna tazalanǵan gúrish (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 196,6 % ke), 350,7 mıń tonna portlandcement (45,3 %), 4,5 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (43,5%), 10,9 mıń tonna iyirilgen jip (9,9 %), 25,9 mıń tonna paxta talası (0,2 %) islep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge, 36,0 mıń tonna paxta shigiti (7,6 %), 2765,1 mıń litr araq (5,4 %), 53,7 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (39,3 %) islep shıǵarılıp, 2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2022-jıl yanvar-oktyabr | 2023-jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Araq, mıń litr 100 % li spirt | 2922,9 | 2765,1 | -157,8 |
| Ósimlik mayı (tazalanǵan), t | 3149,2 | 4520,1 | 1370,9 |
| Paxta talası,t | 25883,0 | 25930,9 | 47,9 |
| Jumsaq biyday hám spelta unı t. | 88398,3 | 53651,1 | -34747,2 |
| Polietilen, mıń t. | 250,3 | 227,7 | - 22,6 |
| Polipropilen, mıń t. | 70,3 | 67,6 | -2,7 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 61,6 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 102,0 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 51,6 % ti, fizikalıq kólem indeksi 90,2 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 6718,3 mlrd. somdı quradı.




## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 15,0 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 104,1 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 17,2 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 16,5 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 2246,6 mlrd. somdı quradı.

## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 14,1 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 92,5 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 18,9 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 30,3 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 2466,6 mlrd. somdı quradı.



## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 3,6 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 127,5 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 4,7 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 19,4 % ke kemeygen bolsa, islep shıǵarıw kólemi 606,7 mlrd. somdı quradı.




## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,5 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 109,4 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,7 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 119,2 % ti quraǵan bolsa, islep shıǵarıw kólemi 222,6 mlrd. somdı quradı.

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında kiyim islep shıǵarıwdıń úlesi 1,0 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 135,0 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında kiyim islep shıǵarıwdıń úlesi 1,2 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 110,1 % ti quraǵan bolsa, islep shıǵarıw kólemi 156,4 mlrd. somdı quradı.



## Mebeller islep shıǵarıw

2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında mebel ónimlerin islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,7% ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 104,7 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 1,6 % ti, fizikalıq kólem indeksi 250,5 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 208,5 mlrd. somdı quradı.




## Rezina hám plastmassa ónimler islep shıǵarıw




2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında rezina hám plastmassa ónimlerin islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,5 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 84,9 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,7 % ti, fizikalıq kólem indeksi 117,1 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 89,2 mlrd. somdı quradı.

## Basqa tayar buyımlardı islep shıǵarıw

2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında juwmaǵına bola, basqa tayar buyımlardı islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,5 % ti quradı, fizikalıq kólem indeksi bolsa 121,1 %.

Sonday-aq, 2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,7 % ti, fizikalıq kólem indeksi 97,6 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 90,4 mlrd. somdı quradı.



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew
## hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 1500,6 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 10,1 % tin) quradı.

2023-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 86,8 % ti quradı.







### Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2022-jıl yanvar-oktyabr | 2023-jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Elektroenergiya, mln. kVt.s | 4376,0 | 4171,1 | -204,9 |
| Issılıq energiyası, mıń gkal | 35,2 | 30,1 | -5,1 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 89,2 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,6 % tin) quradı.







## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2022-jıl yanvar-oktyabr | 2023-jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, mln. som | 7266,7 | 7505,3 | 238,6 |
| Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, mln. som | 14996,5 | 8030,0 | -6966,5 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler 3,3 % óskenligi hám qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler 46,5 % ke kemeygenligi gúzetildi.

## Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 2187,3 mlrd. somdı quradı hám 2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 109,8 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 14,8 % ti quradı.

### Azıq-awqat ónimleri




Tutınıw ónimleriin islep shıǵarılıwınıń ósim páti (109,7%) darejesinen joqarı kórsetkish Xojeli (201,2 %), Nókis (135,5 %), Ellikqala (119,7 %), Ámiwdárya (116,2 %), Shomanay (113,0 %) hámde Moynaq (112,9 %) rayonlarında quradı.

Sonday-aq 2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda pás ósim páti kórsetkishleri Taxtakópir (46,0 %), Tórtkúl (86,6 %), Taqıyatas (96,8 %) rayonında gúzetildi.

### Aziq-awqat emes ónimler

Tutınıw ónimleriin islep shıǵarılıw quramında azıq-awqat ónimleri 82,3 % ti, azıq-awqat emes ónimler 17,7 % ti quradı. 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında tutınıw ónimleriniń jámi kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi 65,4% ti, azıq-awqat emes ónimlerdiń úlesi 34,6% ti quradı.

Sonday-aq, 2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda azıq-awqat ónimleriniń ósim páti 102,2% ti, azıq-awqat emes ónimler ósim páti 143,7% ti quradı.

